# yal na Yàlla yërëm waa joo xam ne dafay yaatu bu dee jaay, ak budee jenn, ak buy fàyyeeku

Jële na ñu ci Jaabir -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónent bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «yal na Yàlla yërëm waa joo xam ne dafay yaatu bu dee jaay, ak budee jenn, ak buy fàyyeeku».
[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Yónent bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa ñaanal yërmaande ñeel képp ku yomb te tabe di ku yaatu cim njaayam; Du taral ci kiy jënn ca njëg ga, te day jëflanteek moom ci jikko yu rafet, Di ku yomb te tabe te yomb bu dee jënn; du ŋott te du xeeb dayob bagaas ya, Di ku yomb te tabe te yéwen bu dee sàkku ñu fay ko ay boram; du tar ci aji-ñàkk ji ak aji-yittewóo ji, waaye da koy sàkku cig nooy ak ñeewantu, te day néggandiku ki ne ci jafe-jafe.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3716